**दिन– गुरूवार** **दिनांक–05.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेनद्र मोदी अपन सरकार के सहानभूति सँ भरल आओर गरीब कल्याणक लेल समर्पित जनौलनि अछि। श्री मोदी अपन सरकार के एगारह बरख पूरा भेला पर लोकसभ के गरीबी सँ उबारबाक लेल केन्द्र सरकार सशक्तिकरण, बुनियादी ढांचा आओर समावेशन लेल कतेको बढ़िया ढेग उठौलक अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी जनौलनि जे पीएम आवास योजना, पीएम उज्जवला योजना, जन धन योजना आओर आयुष्मान भारत जेहेन पहल सँ आवास, खेनाय बनेबाक लेल स्वच्छ ईंधन, बैंकिंग आओर स्वास्थ्य सेवा धरि आम लोक सभक पहुंच के बढौलक अछि। ओ जनौलनि जे प्रत्यक्ष लाभ हस्तांतरण, डिजिटल समावेशन आओर ग्रामीण बुनियादी ढांचा मे बदलि समाजक अंतिम पांतिक लोक धरि योजनाक पहुंच भेल अछि। श्री मोदी समावेशी आओर आत्मनिर्भर भारत बनेबाक लेल सरकारक प्रतिबद्धता दोहरौलनि। श्री मोदी गरीबी के हराबय मे पचीस करोड़ सँ बेसी लोक सभक मददि करय मे एहि सभ पहल पर जोर देलनि।

---

कटिहारक मनिहारीक लोक शिकायत निवारण पदाधिकारी श्वेता मिश्राक कतेको ठेकान पर विशेष निगरानी इकाईक मारल गेल छापा मे करोड़ों टाकाक चल–अचल संपत्तिक पता चलल अछि। विशेष निगरानी इकाईक टीम मनिहारीक लोक शिकायत निवारण पदाधिकारिक मनिहारीक सरकारी आवासक संग–संग कटिहार, पटना आओर प्रयागराजक आवासीय ठेकान पर छापा मारलक। ई छापा आय सँ बेसी संपत्तिक मामिला मे मारल गेल अछि। एस.यू.वीक. उपाधीक्षक अशोक झा जनौलनि जे छापामारिक बिच जब्त कयल गेल संपत्तिक ब्यौरा आंकलनक बाद देल जायत। ध्यातव्य अछि जे श्वेता मिश्रा पर आराक भूमि उपसमाहर्ता रहैत घूस मांगब सहित भ्रष्टाचारक कतेको आरोप लागल छल।

---

पटनाक दानापुरक बिहार रेजिमेंटल सेंटर सँ आइ पाँच सय सैंतालीस अग्निवीर सेना मे जुड़ि गेलाह। दानापुरक हर्ष उदय सिंह गौड़ परेड ग्राउंड मे एकतीस सप्ताहक प्रशिक्षण भेटलाक बाद ई अग्निवीर सभ पासिंग आउट परेड मे भाग लेलनि आओर राष्ट्रक सेवाक शपथ लेलनि। रेजिमेंटक कमांडेंट ब्रिगेडियर कमलदीप जसपाल परेडक सलामी लेलनि। एहि मौका पर अग्निवीर सभक जोश देखैत बनि रहल छल। समारोह मे उत्कृष्ट प्रदर्शन करएवला अग्निवीर सभ के सम्मानित सेहो कयल गेल।

———————————————————————————

आइ विश्व पर्यावरण दिवस अछि। आजुक दिन पर्यावरण लेल जागरूकता बढायब आओर पर्यावरण सँ जुड़ल मुद्दा पर काज करय के लऽकऽ मनाओल जायत अछि। संयुक्त राष्ट्र पर्यावरण कार्यक्रम पृथ्वी पर जीवन संरक्षण लेल उनैस सय तिहत्तरि सँ हरेक बरख पाँच जून कऽ विश्व पर्यावरण दिवस मनेबाक घोषणा कयने छल। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी विश्व पर्यावरण दिवसक मौका पर नव दिल्लीक भगवान महावीर वन स्थली पार्क मे विशेष पौधा रोपबाक अभियानक अगुवाइ कयलनि। श्री मोदी एक पेड़ माँ के नाम पहल मे बरगदक पौधा लगौलनि। ओतहि, श्री मोदी नव दिल्लीक अपन आवास पर सिंदूरक पौधा लगौलनि। ई पौधा ओ उनैस सय इकत्तरि मे भारत–पाकिस्तान युद्धक बिच असाधारण साहस आओर देशभक्तिक परिचय देबयवला गुजरात कच्छक वीर माता आओर बहिन सभ उपहार मे देने छलीह। एम्हर, राजधानी पटना सहित सभ जिला मुख्यालय मे पर्यावरण दिवस पर कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एहि मौका पर पटना मे आयोजित कार्यक्रम मे पौधा रोपि कऽ लोक सभ के पर्यावरण संरक्षणक संदेश देलनि।

———————————————————————————

आइ संपूण क्रांति दिवस अछि। एहि मौका पर राज्यभर मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। आजुक दिन लोक नायक जयप्रकाश नारायण ओहि कालक कांग्रेस सरकारक खिलाफ संपूर्ण क्रांतिक नारा देने छलाह। मुख्य राजकीय समारोह पटनाक जे.पी गोलंबर पर आयोजित कयल गेल, जतय राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, विधानसभा अध्यक्ष नंद किशोर यादव आओर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सहित राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य सभ जे.पी.क प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ हुनका श्रद्धांजलि देलनि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जनौलनि अछि जे महान स्वतंत्रता सेनानी शहीद सुरज नारायण सिंह स्मृति दिवसक सरकारी कार्यक्रम आब दरभंगा मे सेहो होयत। दरभंगा मे आयोजित स्मृति दिवस कार्यक्रम मे श्री कुमार जनौलनि जे हुनक आदमकद प्रतिमा शीघ्रहि दरभंगा मे स्थापित कयल जायत। एहि मौका पर उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, सांसद गोपालजी ठाकुर आओर लवली आनंद सहित कतेको गणमान्य लोकसभ छलाह।

———————————————————————————

मौसम विभाग आइ किशनगंज, अररिया आओर पूर्णियां जिला मे किछु ठाम भारी बारिशक चेतावनी देलक अछि। ओतहि, राज्यक उत्तर–पूर्व, उत्तर–मध्य, दक्षिण–पूर्वी आओर दक्षिण–पश्चिम क्षेत्र मे किछु ठाम तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ तेज हवा चलि सकैत अछि। संगहि किछु ठाम मेघ गरज आओर ठनका खसबाक संग–संग हल्लुक बारिश सेहो भऽ सकैत अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।